

Règ Kont Diskriminasyon

Komisyen Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid aplike règ kont diskriminasyon nan anplwa ak pwogram/aktivite edikasyonèl e li fè efò pozitif pou ofri opòtinite egal pou tout moun nan:

“Title VI of the Civil Rights Act of 1964” (Akò 1964 sou Dwa Sivil ‘Title VI’) - entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, reliyon, oubyen orijin nasyonal.

“Title VII of the Civil Rights Act of 1964” (Akò 1964 sou Dwa Sivil ‘Title VII’) jan yo amande li – entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz ras, koulè, reliyon, sèks (fi/gason) oubyen orijin nasyonal.

“Title IX of the Education Amendments of 1972” (Amandman 1972 nan Edikasyon ‘Title IX’) - entèdi diskriminasyon sou baz sèks (fi/gason). M-DCPS pa diskrimine sou baz sèks nan kèlkeswa pwogram edikasyon oubyen aktivite li opere jan Title IX mande l. M DCPS pa diskrimine tou sou baz sèks nan admisyon oubyen anplwa.

“Age Discrimination Act of 1975” (Akò 1975 Kont Diskriminasyon sou Laj) - entèdi diskriminasyon baze sou laj nan pwogram oubyen aktivite.

“Age Discrimination in Employment Act of 1967 (ADEA)” (Akò 1967 Kont Diskriminasyon sou Laj nan Anplwa) jan yo mande li - entèdi diskriminasyon sou baz laj nan sa ki konsène moun ki gen omwen 40 an.

“The Equal Pay Act of 1963” (Akò 1963 sou Egalite nan Salè) jan yo amande li – entèdi diskriminasyon kont sèks (fi/gason) nan salè pou fi ak gason ki ap pefòme sibstansyèlman travay egal nan menm etablisman an.

“Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973” (Seksyon 504 Akò 1973 sou Revabilitasyon) – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap.

“Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA)” (Akò 1990 sou Ameriken ki gen Andikap) – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap nan anplwa, sèvis leta, akomodasyon publik ak telekomunikasyon.

“The Family and Medical Leave Act of 1993 (FMLA)” (Akò 1993 sou Vakans Medikal ak Fanmi) – mande pou anplwayè ki anba akò sa a bay jiska 12 semèn vankans san peye pou pwoteksyon travay pou anplwaye ki elijib pou sèten rezon familyal ak medikal.

“The Pregnancy Discrimination Act of 1978” (Akò 1978 Kont Diskriminasyon nan Gwosès) – Entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz gwosès, akouchman, oubyen kondisyon medikal ki gen rapò ak sa.

“Florida Educational Equity Act (FEEA)” (Akò sou Egalite nan Edikasyon nan Florid) – entèdi diskriminasyon sou baz ras, sèks (fi/gason), orijin nasyonal, kondisyon marital, oubyen andikap kont yon elèv oubyen yon anplwaye.

“Florida Civil Rights Act of 1992” (Akò 1992 sou Dwa Sivil nan Florid) – asire pou tout moun anndan eta a gen libète kont diskriminasyon akoz ras, koulè, reliyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen kondisyon marital.

“Title II of the Genetic Information Nondiscrimination Act of 2008 (GINA)” (Akò 2008 ‘Title II’ sou Absans Diskriminasyon nan Enfòmasyon Jenetik) - entèdi diskriminasyon kont anplwaye ak aplikan akoz enfòmasyon jenetik.

“Boy Scouts of America Equal Access Act of 2002” (Akò 2002 sou Aksè Egal pou Eskout Gason nan Amerik la) – Okenn lekòl leta pa dwe anpeche aksè egal, oubyen yon opòtinitite rezonab pou gwoup rankontre sou pwopriyete lekòl oubyen nan etablisman lekòl anvan oubyen aprè lè lekòl, oubyen fè diskriminasyon kont kèlkeswa gwoup ki afiliye ofisyèlman avèk ‘Boy Scouts of America’, oubyen nenpòt gwoup jèn oubyen gwoup komunitè ki sou lis ‘Title 36’ (kòm yon sosyete patriyotik).

Veteran gen dwa pou rejwenn anplwa ann akò avè P.L. 93-508 (Lwa Federal) ak Seksyon 295.07 (Lwa Florid), ki ensiste sou preferans kategorik pou anplwa.

Anplis:

Règ Komisyen Konsèy Lekòl 1362, 3362, 4362, ak 5517 - Entèdi arasman e/oubyen diskriminasyon kont elèv anplwaye, oubyen aplikan sou baz sèks, ras, koulè, etnisite oubyen orijin nasyonal, reliyon, sitiyasyon marital, andikap, enfòmasyon jenetik, laj, opinyon politik, oryantasyon seksyèl, sèks fi/gason, idantifikasiyon seksyèl, ran sosyal ak istwa familyal, preferans lengwistik, gwosès, kondisyon sitwayènte oubyen nenpòt lòt baz lalwa entèdi.

Pou plis enfòmasyon sou ‘Title IX’ oubyen nenpòt lòt kesyon sou diskriminasyon/arasman kontakte Asistan Sekretè pou Dwa Sivil Depatman Edikasyon oubyen:

KIPP Miami, Inc
Managing Director of Growth Operations
3000 NW 110th Street
Miami, FL 33167
Phone: (786) 822-7702

Email: mkress@kippmiami.org Website: www.kippmiami.org